

Etid sosyo-lengwistik vyolans senbolik sou fanm nan mizik Rabòday ann Ayiti

Francklyn DORCÉ (GRESKA)

phi.dorsay11@gmail.com

Me 2023

Rezime

Nan atik sa a, nou ap etidye 'vyolans senbolik' sou fanm nan rit mizikal « Rabòday » ann Ayiti pandan nou ap gade valè aksyolojik leksèm ki itilize yo. Fanm ki viktim vyolans senbolik yo se sila yo ki nan sityasyon sosyoekonomik difisil ; yo konstitye yon kategori sosyal ki se domine parapò ak gason ki se dominan. Epi leksèm yo gen yon valè aksyolojik negatif : pejoratif, seksis, estereyotipe kont fanm an kreyòl ayisyen.

Mo-kle : vyolans senbolik, Rabòday, pòte aksyolojik, kreyòl ayisyen.

Résumé

Dans cet article, nous étudions la 'violence symbolique' sur les femmes dans le Rabòday en Haïti en considérant la portée axiologique des lexèmes employés. Il est montré que les femmes victimes de la violence symbolique dans le Rabòday sont celles se trouvant dans des situations socioéconomiques précaires. Elles constituent une catégorie sociale dominée par rapport aux hommes, les dominants. Les lexèmes employés ont une portée axiologique négative : péjorative, sexiste, stéréotypée contre les femmes en créole haïtien.

Mots-clés : violence symbolique, Rabòday, portée axiologique, créole haïtien.

Abstract

In this article, we study 'symbolic violence' against women in Rabòday in Haiti by considering the axiological scope of the employed lexemes. In fact, women who are victims of symbolic violence in Rabòday are those who are facing a difficult socio-economical situation. They constitute a social category dominated compared to men, the dominants. The employed lexemes have a negative axiological scope : pejorative, sexist, stereotypical towards women in Haitian Creole.

Key-words : symbolic violence, Rabòday, axiological scope, Haitian Creole.

Entwodiksyon

Vyolans pa yon fenomèn ki tou nèf sou latè. Se yon fenomèn ki travèse tout listwa limanite epi li rive obsève nan tout sosyete. Moun sibi vyolans nan lari, nan travay, nan lekòl, nan medya, nan relasyon moun ak moun chak jou (Toumpsin, 2006). Vyolans lan manifeste sou fòm fizik, sikolojik, elatriye. Pou sa ki konsène kesyon sèks, gason fè vyolans sou fanm e fanm fè vyolans sou gason. Men nan anpil sosyete, tankou Ayiti, ta sanble plis fanm viktim (Cadet, 2018). Kesyon vyolans sou fanm tèlman fè aktyalite lakay nou, li preyokipe lespri anpil chèchè. Konsa anpil etid syantifik rive fèt, sitou nan de (2) deseni ki pase yo.

Gilbert (2001) baze sou listwa pou montre kilti ayisyen an menm repoze sou yon estrikti patriyakal ki pwone sipremasi gason sou fanm. Pou li menm, se yon kilti ki jenere tèt li nan yon dyalite (fò/fèb) kote gason an kòmande epi fanm nan obeyi. Vyolans sou fanm rive obsève tou menm nan nivo domestik. Wiley (2003) montre vyolans domestik la, ki se bagay entèn nan fanmi, pa jwenn pinisyon leta ayisyen. Se tankou yon sistèm esklavajis ki baze sou dominasyon ak soumisyon. Pou Edouard (2013), sosyote ayisyèn nan estriktire ak yon ansanm pratik sosyal (patriyaka), atravè pratik sa yo gason rive domine oswa esplwate jiska menm oprime fanm. Pouvwa inegalite gason / fanm etabli kò li nan tout enstitisyon sosyal yo : nan fanmi, nan travay, nan lekòl, nan administrasyon leta, elatriye. Otè a montre se tout relasyon inegal sa yo ki anjandre dominasyon vyolans gason sou fanm. Obsèvasyon vyolans sou fanm nan fèt menm anndan legliz ann Ayiti. Rock (2019) abòde aspè sa. Travay Rock la montre esklizyon ak absans jeneral fanm yo nan espas desizyonèl yo se faktè ki detèmine vyolans gason sou fanm nan nivo relijye. Selon otè a, si legliz se yon enstitisyon nan peyi a ki ap lite kont vyolans, men li menm tou pa echape nan repwodui vyolans sou fanm.

Travay ki fèt sou dominasyon gason sou fanm pa sèlman rete la. Gen lòt travay ki ale gade sa nan mizik tou. Anpil kategori mizik ann Ayiti denigre fanm : konpa, rap, elt. Men tandans ki plis chanpyon nan bagay sa sanble se Rabòday. Rabòday la se yon estil mizikal ki melanje plizyè rit tradisyonèl ayisyen tankou Petwo, Nago. Gen otè ki enterese ak rapò fanm devlope ak mizik Rabòday. Dorzil (2018) etidye reprezantayon mizik Rabòday yo fè de fanm nan nivo sosyokiltirèl nan pwodiksyon ak ki anje resepsyon an genyen. Jean Louis (2020) kote pa li gade kòman nou ka rive konprann, nan yon pèspektiv sosyolojik, resepsyon tandans mizik Rabòday lakay fanm ann Ayiti.

Men parapò ak tout fòm vyolans nou site pi wo yo, gen lòt ki anjandre kò li nan nòm sosyal yo. Se rapò moun yo menm nan sosyete a ki rive kreye vyolans lan kote moun ki ap sibi li yo pa vrèman konsyan de sa ; yo menm rive patisipe nan repwodiksyon vyolans lan. Se sa Bourdieu (1998) rele « vyolans senbolik ». Vyolans senbolik la manifeste kò li nan nòm dominan yo enpoze sou domine yo. Nou nan yon rapò dominan/domine. Domine yo rive jije nòm dominasyon sa yo lejitim pandan yo tou enskri tèt yo ladan yo. Nou jwenn rapò dominan/domine yo nan nivo nasyonalite, nan nivo sèks, nan oryantasyon seksyèl, nan idantite etnik (Palheta, 2015). Nan etid ki fèt sou fanm parapò ak Rabòday, otè yo (Dorzil, 2018, Jean Louis, 2020) pa

touche aspè vyolans senbolik la, oudimwens yo pase sou li rapid. Se pou tante konble vid sa kontribisyon pa nou an pran nesans. Nou pa gen entansyon fè istorik kesyon vyolans sou fanm ann Ayiti. Nou enterese pito ak vyolans senbolik nan mizik Rabòday. Objektif travay la se rive gade vyolans senbolik atis yo fè sou fanm nan mizik Rabòday ann Ayiti soti lane 2014 pou rive 2016. Si fòm vyolans ki enterese nou an se senbolik se paske yo rive transmèt nan komunikasyon lokitè yo, se poutèt sa aspè lengwistik la pa ka neglije nan travay la. Alòs, nou ap eseye makonnen sosyoloji ak lengwistik pou gade kòman vyolans ki fèt sou fanm yo senbolik.

Se konsa nou pati ak kesyonman sa : kòman konsèp senbolik la ka pèmèt nou konprann vyolans sou fanm nan mizik Rabòday ann Ayiti? Nan kisa leksèm atis yo anplwaye sou fanm nan mizik Rabòday yo esprime oubyen fè vyolans (senbolik) sou fanm epi ki valè aksyolojik¹ yo genyen ? Nou pati ak de (2) ipotèz sa yo :

1) Fanm ki viktim vyolans senbolik la nan mizik Rabòday se sila yo ki nan sityasyon sosyoekonomik difisil. Nan menm klas defavorize a yo konstitye yon sou-klas defavorize, yo se domine parapò ak gason ki se dominan.

2) Leksèm atis yo anplwaye nan mizik sa yo se makè sibjektivite oubyen *sibjektivèm* ki pèmèt yo esprime pawòl ki gen pòte aksyolojik negatif : pejoratif, seksis, esteyotipe kont fanm an kreyòl ayisyen (KA).

Lè nou pale de sibjektivèm nan travay la, nou fè referans ak refleksyon Kerbrat-Orecchionni (1980) : se kèk eleman lengwistik (leksèm) ki pèmèt nou retrase prezans lokitè yo nan enonse yo. Eleman lengwistik sa yo pèmèt lokitè yo fè apwopriasyon lang nan parapò ak lòt lokitè.

Pou nou kapab rive rekeyi done nou yo, nou chwazi travay sou mizik Rabòday soti lane 2014 pou rive 2016. Pou rive konstitye kòpis nou an, nou chwazi senk (5) nan peryòd sa ki pi pètinan pou nou fè analiz nou an. Chwa nou fè yo pa abitè. Yo obeyi ak kritè nou tabli pou sa. Men kritè yo :

- Fòk mizik la te popilè ;
- Fòk li te atenn 100 000 vyou (vizyonaj) sou Youtoub pou pi piti ;
- Fòk li te soti ant 2014 ak 2016.

Kòpis

- Yon mizik J-vens : *Ti mamoun* ki soti an 2014 ;
- Yon mizik gwoup suspens : *Solo l ye* ki soti an 2014 ;
- Yon mizik Vag lavi ak Magic Bourik : *Limena pa metye* ki soti an 2015 ;
- Yon mizik Marinad 007 DJ Tonymix remikse : *Men madan papa* ki soti an 2016 ;
- Yon mizik Mossanto : *Fè wana mache* ki soti an 2016.

¹ Lè nou pale de ‘valè aksyolojik’ nan travay la, nou vle di ki jijman valè lokitè yo – atis yo – pote sou fanm nan mizik *Rabòday* ann Ayiti.

Kòm modalite analiz, nou eseye gade chak fwa nan kisa pwopo atis yo konstitye vyolans senbolik epi nou souleve leksèm ki make jijman valè negatif nan kòpis la. Nou ap presize lè nou ap etidye sans leksèm ki make jijman valè yo nan travay la, nou ap gade yo sèlman nan nivo senkwonik ; sa ki fè nou enskri li sèlman nan kontèks mizik Rabòday. Nou ap transkri pati nou ap analize a nan lang KA. Pou reyalize travay la, nou enskri tèt nou nan liy teyorik Bourdieu (1970 ; 1998). Nou konvoke tou refleksyon Kerbrat-Orecchioni (1980).

Travay nou an genyen twa (3) seksyon. Nou ap prezante (**seksyon 1**) tandans Rabòday la ann Ayiti, nou ap eseye peryodize li epi wè ki moman li konnen pi gwo emèjans li. Nou ap prezante (**seksyon 2**) nosyon ‘vyolans senbolik’ la lakay sosyològ Bourdieu. Nou ap gade ki kondisyon ki dwe reyini pou pale de vyolans senbolik selon otè a. Nou ap analize (**seksyon 3**) kòpis nou an ki gen senk (5) mizik Rabòday kote nou ap relve pwopo ki make vyolans sou fanm yo. Pou nou fini n ap prezante rezilta travay rechèch nou an.

1. Brèf apèsi sou Rabòday

Menm jan pou lasyans tout tandans mizik toujou gen yon moun oswa yon gwoup moun ki kòmanse li epi ba li direksyon, gen lòt ki pèmèt li difize li epi ale pi lwen. Nan premye ka yo pale de patènite, nan dezyèm nan yo pale developman domèn nan. Nan sans sa, kòman sa ye pou tandans Rabòday la ?

1.1. Orijin ak patènite Rabòday

Rive retrase orijin mo Rabòday la yon jan pwoblematik. Si nou rete sou konstriksyon mòfolojik li – nan nivo mo a menm – li sanble soti nan lang anglè ‘rap or die’ (Lamy, 2018). Nan sans sa, se yon tandans ki pran nesans Etazini. Men vèsyon sa pa fin kenbe nan zye kèk moun. Nan yon entèvyou atis Karine Margron te bay jounal *Loop Haiti*, li pran kontpye opinyon sa. Pou li menm, Rabòday la se yon rit mizikal ki pran nesans lakay nou ann Ayiti. Gwoup soprano te pwodui yon CD avèk kolaborasyon tanbourinè Welele Doubout ki gen pou tit ‘tambour âme ancestral’ ki konble ak yon ansanm rit tradisyonèl ayisyen tankou Petwo, Nago ak sètènman Rabòday (Lamy, *ibid.*). Se agiman sa chantèz la avanse pou soutni pozisyon li a.

Pou sa ki konsène patènite Rabòday la, se ankò pwoblematik. Opinyon yo pa ale nan yon sèl sans. Non mayestwo G-Dolph², non atis Fresh la konn site pou patènite tandans sa. Gen lòt vwa ki ta vle montre Koupe Klouwe ta kapab orijin estil tandans mizikal sila a. Sa ki fè yo di sa se paske estil mizik atis la rapwoche de Rabòday kote li fè tankou se yon bagay li ap rakonte sou yon enstriman. Men divès opinyon sa yo pa ale nan sans Revital Lynch ditou. Lynch avanse pou montre sa koupe klouwe konn fè yo se rit konpa, se pa Rabòday (Lynch, 2021). Pou Lynch, Tonymix, G-Dolph sèlman popilarize tandans Rabòday la, menm jan pou Fresh la. Nan ka sa kilès menm ki ta ka gen patènite tandans sa ?

² Nou pa transkri ankenn non pwòp an KA pou evite twòp pwoblèm òtograf. Cf. Dorcé (2022).

Repons Lynch klè : Rabòday la pa gen patènite. Se pito matènite li genyen paske se yon fanm ki alorijin li dapre li menm. Otè a remonte nan lane 2000 yo pou montre premye 'tub' Rabòday ki te anrejistre se adolesant Chassy ki te fè li epi DJ Full blat te pwodui li.

Fòk nou souliye ipotèz otè a gen tout sans li men li pa bay ase prèv istorik pou kore sa li avanse yo sou patènite a³. Si nou kwè Lynch (*ibid.*), tandans Rabòday la remonte nan lane de mil yo (2000). Men se apre de mil dis (2010), apre tranblemanntè ki te frape peyi a, li konnen gwo difizyon li. Difizyon sa fèt gras ak anpil atis tankou Tony mix, G-Dolph, Fresh la pou nou site sa yo sèlman. Objektif nou nan travay sa se pa rive tranche deba sou orijin tandans lan ak kilès ki gen patènite li. Men li te enpòtan pou nou te fè ti ralemennvini sa. Kounya an nou eseye gade kisa Rabòday la ye epi ki rapò li gen ak fanm ann Ayiti.

1.2. Sa Rabòday la ye

Si li difisil pou nou rive retrase orijin Rabòday la, se pa menm jan pou kisa tandans sa ye. Acacia (2017) defini li konsa : « [C'est] un genre musical qui s'accompagne de la danse qu'elle expose. Et les jeunes, filles et garçons, s'explorent le corps qui explore les 'gouyad' mimant les positions du kama sutra, seul, en couple ou en groupe. [...] »⁴ Son Rabòday la jwenn baz li nan kilti nou. Se yon rit ki soti nan vodou ayisyen. Li twouve li nan kategori rit pwofàn kontrèman ak Yanvalou, Mayi, Dayome ki yo menm nan kategori relijye dapre ougan Érol Josué, site nan Ducrepin (2020). Men kòman Acacia (*ibid.*) dekri dans Rabòday la : « La recette est simple mélodies courtes et répétitives, tempo rapide et saccadé. Fini les voix pures et puissantes, le vocodeur fait de tout ! une manne pour les DJ qui doivent faire danser. Nous sommes loin de la musique savante, c'est de la musique passante. » Sa ta vle montre, dapre otè a, mizik Rabòday yo pa gen twòp kichòy pou wè ak refleksyon piske se bagay ki pase rapid vit ; yon tandans ki met plis aksan sou fè moun souke kò yo, donk danse. Moun yo itilize Rabòday la pou kreye yon relasyon ant sa ki reyèl ak sa ki pa reyèl. Se poutèt sa Erol Josué souliye nan Ducrepin (*ibid.*) : « Lors de leur instant de plaisir, puisqu'ils sont souvent comparés à des lois, jouisseurs, modus de dehanchement, les guédés dansent à la fois le djapi, le banda et le Rabòday. Ce dernier demeure un rythme profane découlé d'un espace sacré. »

Jan sa souliye nan Ducrepin (*ibid.*), Rabòday la se yon nouvo tandans mizikal ayisyen ki konekte nou kèlkeswa kote nou ye nan mond lan paske mizik pa konn sa ki rele baryè lengwistik. Epi kontrèman ak lòt tandans mizikal, ou pa bezwen ale nan yon lekòl mizik pou w aprann danse Rabòday. Dapre madam Margron, Rabòday la rete pi gwo rit bann apye (rara) nan peryòd pak ak kanaval. Men fò nou di tou tandans sa pa manke souve kritik.

1.3. Kritik ak refitasyon sou Rabòday

³ Nan sans li t ap enteresan pou plis travay fèt sou orijin Rabòday la paske literati sou kesyon an manke done syantifik.

⁴ Se vre atik la redije an KA, etandone nou nan yon peyi kote fransè ak kreyòl se de (2) lang ofisyèl, nou pa tradui ekstrè fransè yo. Men nou tradui nan ba paj ekstrè ann anglè yo pou fasilite konpreyansyon lektè ki pa anglofòn yo.

Pou kèk kritik, Rabòday pa yon bon estil mizikal pase sa. Konsa, anpil moun nan sosyete a vle pou yo elimine tandans sa paske li poze twòp pwoblèm ak jenès la sitou jenès feminen an. Yon tandans kote atis yo sèlman pran plezi denigre fanm, pale tout kalite koze ki pa fè fanm yo byen ; yon tandans timoun pa ka tande mesaj ki ap veyikile, ki ap pouse timoun oswa jèn yo antre nan sa ki pa konfòm ak sa sosyete a mande. Alòs, pou moun ki leve divès kritik sa yo, Rabòday la ta dwe yon tandans ki ap oryante jèn yo sitou jèn fanm yo nan yon sosyete kote tout enstitisyon – lekòl, legliz, lafanmi – prèske pèdi valè ak wòl yo.

Pou kèk lòt moun, tankou Margron, rit Rabòday la dwe rete menm jan nan tradisyon nou. Pou moun sa yo, sa ki gen la jounen jodi a pa gen anyen pou wè ak Rabòday tradisyonèl la. Pou yo menm, Rabòday la ta dwe tounen jan li te ye avan an si nou vle gen yon tandans Rabòday tout bon ki ap rele nou chèmèt-chèmètès paske sa atis yo ap fè jounen jodi a pa gen anyen pou wè ak Rabòday nou te konnen an.

Pou nou menm, apwòch ki vle elimine oubyen entèdi tandans Rabòday la se yon ‘refleksyon rapid’ oswa yon defisit nan konesans istorik. Sa ki ap pase la nan tandans mizikal sa te rive obsève tou nan rit mizikal Ipòp (Hip hop) nan lane 1980/1990 yo. Legliz katolik nan peyi Iland te wè *Jazz* ameriken kòm yon depravasyon seksyèl nan ane 1930 yo (Aly, 2017). E se pa sèlman Ipòp, Regetonn (Reggaeton) te konn sa tou, batchata ki se patrimwàn imateryèl limanite konn bagay sa yo tou lè yo t ap kòmanse emèje dapre INESKO (UNESCO) (*ibid.*). Si mizik Rabòday yo chante kèk bagay ki pa ale nan sans anpil moun nan sosyete a men se nan menm sosyete a yo jwenn reyalite sa yo. Mizik se yon fè sosyal ki bay yon siyifikasyon global ak reyalite a nan yon espas-tan epi li gade kòman sosyete a òganize li (Ravet, 2010). Atis Fresh la byen souliye sa nan konpreyansyon pa li nan yon entèvyou li te bay *CBC Arts* : « In Hip-hop, they all talk about the money. Whereas in Raboday we talk about the country, the society and politics. Sometimes it can be said in harsh words, talking of things like prostitution, but we talk about what we see in society around us. Those things are real, and nobody else dares talk about it. »⁵ (CBC Arts, 2015)

Pou dezyèm apwòch la, ki trè tradisyonalis, nou panse se yon pwennvi ewone paske tout bagay sibi evolisyon. Si tout bagay aple pou evolye, dayè menm lòm pa echape ak lwa natirèl sa – nou konnen sa depi Darwin –, poukisa li ta dwe diferan pou Rabòday ? Nan sans sa, chantè antwopològ Jean Coulanges ale nan sans evolisyon rit yo, tankou Rabòday. Men li souliye tou anpil gwoup mizik ki ap rele tèt yo Rabòday pa gen anyen pou wè ak Rabòday. Ta sanble menm antwopològ la pran nan tradisyonalis li ap chache denonse a.

Jan nou sot wè sa, Rabòday kreye yon lyen lakay ayisyen paske, si sa Margron avanse yo verifye, se nou menm ayisyen ki kreye li. Kidonk Rabòday la se chèmèt-chèmètès ayisyen. Li gen yon rapò idantite ak kilti. Men tou mizik Rabòday yo fèt nan majorite ka nan yon pèspektiv

⁵ « Nan tandans Hip hop [Ipòp], yo tout trete koze lajan. Poutan nan Rabòday la nou trete bagay ki gen pou wè ak lajan, sosyete epi politik. Pafwa nou di bagay yo yon jan sevè, nou pale koze tankou pwostitisyon men se bagay ki nan reyalite sosyete nou an. Bagay sa yo reyèl. Lòt moun pa gen kouraj pale yo. » [Tradiksyon mwen]

diskriminatwa, denigran menm destryktè kont fanm. Nan tèks Rabòday yo, atis yo pran plezi pou rabese fanm kòm si yo pa gen anyen yo ka ofri nan sosyete a.⁶

Rabòday la ka pèmèt nou wè estil de vi moun yo ak yon lide sou sityasyon ekonomik de yon kategori sosyal; yon kategori moun ki defavorize ki ap viv lavi difisil. Nan sans sa, nou ka wè Rabòday la kòm yon pwodui kiltirèl ki se yon enstriman ki ap pèmèt nou sezi kèk dimansyon nan sosyete a lakay nou (Ravet, 2010). Akote sityasyon sosyoekonomik yo, nou ka rive wè tou nan mizik Rabòday rapò ekonomik-seksyèl fanm ak gason. Anpil mizik Rabòday (*Men madan papa, Timamoun, Fè wana mache*, elt.) dekri reyalyte jenn fanm ki livre kò yo pou chèche lamanjay⁷. Malgre denigreman mizik Rabòday fè de fanm yo, sa pa anpeche medam yo kontinye tande yo. Anpil temwayaj montre sa⁸. Nou ap raple travay sa vize gade vyolans senbolik sou fanm nan mizik Rabòday ann Ayiti. Men kisa ‘vyolans senbolik’ la ye menm ?

2. ‘Vyolans senbolik’ lakay Bourdieu

Nan relasyon moun ak moun, sila yo ki sibi depandans yo konn rive asepte kèk bagay nan sosyete a kòm si li te natirèl ak lejitim. Konsèp ‘vyolans senbolik’ la konstitye yon paradig antwopolojik (Addi, 2001.). Nosyon sa ta ka opoze ak yon lòt nosyon, koyèsyon fizik (‘coercition physique’). Kote moun ki ap aji a, ajan an, pa konsyan de sa li ap fè yo. Pou Bourdieu (1970), sa se mwayen fondamantal ki pèmèt dominasyon an rejenere tèt li. Se presipòze lòd sosyal la, inegalite ak esplwatasyon ki rive fè dominasyon yo fè ekonomi dominasyon fizik ou brital. Konsa, vin gen yon rapò dominan ak domine nan espas sosyal la. E kesyon rapò sosyal dominan / domine a, nou ap soulye, okipe anpil plas nan travay Bourdieu. Nan sans sa, li bon pou nou mize sou konsèp vyolans senbolik la lakay Bourdieu.

Nan relasyon dominan/domine, domine yo enteryorize nòm dominan yo konstui. Dominan yo fè domine yo kwè konstriksyon sosyal yo natirèl. Sa ka mennen domine yo nan yon sityasyon kote yo desann pwòp valè pa yo (*auto-dépréciation*). Pou sa ki gen pou wè ak kòman vyolans senbolik la chita kò li, Bourdieu (1998 : 48) pote presizyon sa :

« La violence symbolique s’institue par l’intermédiaire de l’adhésion que le dominé ne peut pas ne pas accorder au dominant (donc à la domination) lorsqu’il ne dispose, pour le penser ou, mieux, pour penser sa relation avec lui, que d’instruments de connaissance qu’il a en commun avec lui et qui, n’étant que la forme incorporée de la relation de domination, font apparaître cette relation comme naturelle ; [...] »

Nou ka remake pou gen vyolans senbolik, dominan yo bezwen adezyon domine yo nan dominasyon an. Se gras ak adezyon an yo pral kapab tabli yon relasyon ak dominan yo. Epi sa pral devni yon eleman ki ap pèmèt yo rive konstui yon bagay ansanm. Bourdieu (1986 : 113) souliye sa pi byen lè li di : « Le langage d’autorité ne gouverne jamais qu’avec la collaboration

⁶ Nou devlope ide sa yo nan § 3.

⁷ Nou wè sa yo an detay nan § 3.

⁸ Pou konnen kòman fanm yo admire Rabòday la, ale wè Katia Jean Louis (2020 : 48-55).

de ceux qu'il gouverne, c'est-à-dire grâce à l'assistance des mécanismes sociaux capables de produire cette complicité, fondée sur la méconnaissance qui est en principe de toute autorité. »

Gen vyolans senbolik se lòske gen yon fòm kote dominan an eseye anpeche vyolans lan parèt antanke vyolans. Se nan sans sa, Pierre Bourdieu (1980 : 230) prezise : « [l'on] met des formes pour enfouir la violence ouverte, qu'une censure autorise l'action détournée de la force censurée. [forme] douce et larvée que prend la violence lorsque la violence ouverte est impossible. » Se yon vyolans ki egzèse san li pa fè santi li epi ki bezwen tou konsantman sila yo ki ap sibi li yo. Dubois *et al.* (2013) souliye vyolans senbolik la se alafwa rekonesans pouvwa sila yo ki ap egzèse li sou moun ki ap sibi li yo epi mekonesans toulède kategori yo ki nan yon rapò fòs san kanpe. Detoutfason definisyon senbolik la pa sispann parèt lakay Bourdieu kòm yon touni envizib kote yo pa pran vyolans kòm vyolans.

Jan domine yo konpòte yo, pratik yo konn patisipe nan pouvwa (senbolik) dominan yo gen sou yo, pafwa sa fèt san yo pa konnen oswa kont pwòp volonte yo. Konsa, yo asepte tout sa yo enpoze yo. Nan sans sa, fòk nou admèt se estrikti sa yo menm ki kontribye nan repwodiksyon dispozisyon sa yo. Sa vle di se sosyete a menm ki anjandre vyolans senbolik la. Pou vyolans senbolik la rive egzèse tèt li tout bon vre, li bezwen patisipasyon moun ki ap sibi li yo. Nou ta ka di se yon pouvwa dominan yo egzèse sou domine yo men se yon pouvwa senbolik. Nan sans sa Bourdieu (1998 : 52) souliye : « Le pouvoir symbolique ne peut s'exercer sans la contribution de ceux qui le subissent et qui ne le subissent que parce qu'ils le construisent comme tel. » Se tout sa yo, nan yon sans, nosyon 'vyolans senbolik' la montre nou lakay sosyològ la. Men nosyon sa pa echape ak kèk kritik tou.

2.1. Kritik sou vyolans senbolik la

Nou rive konprann nosyon vyolans senbolik pa fin klè. Li pa fin klè paske li pa yon konsèp nou ka rive obsève (anpiri). Se pito vyolans fizik ki jwenn privilèj sa : tout moun rive konstate li, li kite tras oubyen sikatris sou moun ki sibi li a. Donk nou dwe souliye gen yon gwo diferans ant vyolans senbolik ak lòt tip vyolans yo. Paregzanp, vyolans fizik la fèt kont volonte moun ki viktim nan. Yon moun ki viktim yon vyolans fizik ka ale nan yon tribinal pote plent avèk prèv nan men. Men pou sila ki viktim vyolans senbolik la, li pa ka rive fè sa paske operasyonalizasyon a rive fèt nan adezyon li ak konsantman li nan nivo kwayans ki rive jistifye. Depi Karl Marx, nou konnen se klas dominan an ki konstui kwayans sa yo.

Li pa fasil pour rive delimite yon zak volontè de yon lòt ki fèt pa vyolans senbolik. Paske nan vyolans senbolik la moun yo ajì avèk tout konsantman moun ki ap sibi yo. Men nou ka poze kesyon sa : si gen konsantman bò kote moun ki sibi vyolans yo, èske nous ka pale de vyolans ankò ?

Kòm li ka toujou gen yon sèten enkonsyan lakay domine a, nosyon vyolans senbolik pa ba nou ase presizyon pou delimite li ak lòt vyolans (Addi, op. cit.) piske vyolans senbolik la dwe genyen volonte domine a tou (se nou menm ki souliye). Se yon difikilte Bourdieu te rekonèt

men li ensiste pou montre vyolans senbolik la rive manifeste gras ak yon ansanm mekanis moun ki sibi li yo pa konnen. Nan sans sa Bourdieu (1980 : 14) souliye : « Le résultat du laissez-faire, complice du probable, apparaît comme un destin ; lorsqu'elle est connue, il apparaît comme une violence. » Sa ta vle di vyolans senbolik la rive enpoze tèt li gras ak fòs fizik. Si efektivman se sa, li t ap kontradiktwa piske gen yon sèten konsantman domine yo nan rejenerasans lan.

Malgre kritik sa yo nou eseye sòlve nan nosyon vyolans senbolik la, se chwa teyori sa nou fè pou analize done nou yo. Gen de (2) rezon ki ka jistifye sa. Premye rezon an se paske tout moun sanse dakò Rabòday fè denigreman fanm yo anpil nan sosyete a, jan nou sot relve anpil opinyon ki montre sa. Dezyèm rezon an se paske nosyon vyolans senbolik la pa vrèman trete nan travay ki fèt yo sou Rabòday ann Ayiti. Nan sans sa, nou dwe jwenn yon apareyaj teyorik ki ap pèmèt nou byen sènen fenomèn nan nan mizik Rabòday : se vyolans senbolik lakay Bourdieu ki ka pèmèt nou fè sa. Kounya nou ap pase nan analiz done yo.

3. Analiz done yo

Kòm nou te wè sa avan, mizik Rabòday yo denigre sityasyon fanm anpil. Sa ki fè karakteristik fanm sa yo nan tandans mizik sa sèke yo ap viv nan sityasyon difisil kote yo blije antre tèt yo nan yon « echanj ekonomiko-seksyèl » (Tabet, 2004) pou yo kapab siviv. Sa mete fanm yo nan yon kondisyon kote yo depann de gason ki gen plis privilèj nan echanj lan. Nan sosyete ayisyèn nan menm jan nan Rabòday, genlè seksyalite fanm yo sèvi zouti pou mezire nivo respè yo. Men pou sa ki konsène medam yo nan Rabòday, respè sa depann de mwayen yo genyen pou reponn bezwen primè yo san yo pa bezwen vann kò yo pou sa (Jean Louis, 2020). Konsa an nou obsève egzanp sa yo.

Valè edikasyon ap redui nan sosyete nou an. Anpil jèn kontante lage tèt yo nan kèk pratik (nou pa reprann la). Kòm travay sa pote sou fanm, an nou gade kòman sa ye lakay yo jan atis Vag lavi (*Limena pa metye*, 2015) montre sa nan (1).

- (1) Tiffi di manmi se limena l vle ye
Men manmi di tiffi se lekòl pou w ale
Limena pa metye, se konesans pou w mete

An KA 'limena' deziye fanm ki kwè nan fè kò yo bèl tout tan, men ki pa twò kwè nan edikasyon. Ta sanble atis la vle montre nan (1), chache fè kò bèl tout tan se pa vrèman sa sosyete a bezwen, se pito jwenn yon bagay ki ap ede w jere tèt ou demen (yon metye). *Limena* gen yon sans pejoratif nan sosyete a paske yo pa byen wè moun sa yo : depi w se limena afè w pa bon. Se sityasyon sosyoekonomik fanm yo ki fè atis yo ap trete fanm ki pa sou anyen konsa. Gen vyolans senbolik nan (1) paske *limena* yo konstitye yon gwoup ki asepte sibi tout vye bagay anba gason, ki se dominan ; epi leksèm *limena* vle di tout sa li vle di. Men (1) ta vle montre tou gen paran ki pa vle pitit yo antre nan kalite pratik sa yo.

Men si nou rebran (1) nan (2) nan yon kontèks diferan kote *limena* gen yon lòt sans, konklizyon yo p ap menm.

[Kontèks : limena vle di fanm afè bon, fanm ki vwayaje]

- (2) # Tififi di manmi se limena l vle ye
 Men manmi di tififi se lekòl pou w ale
 Limena pa metye, se konesans pou w mete.

Puiske nan kontèks kote *limena* pa vle di fanm ki ap chache sèlman fè kò li bèl, nou pa ka pale de vyolans senbolik nan (2) paske nan ka sa fanm nan pa yon domine parapò ak gason an. Alòs pwoblèm sosyoekonomik fanm⁹ nan nan kontèks sa rezoud, sa ki fè ankenn gason pa t ap gen kouraj denigre yo ak vye mo.

Si nou retounen nan (1), anpil fwa konpòtman sa atire pi byen jenn gason, se youn nan rezon ki fè *Limena* konn menm vle parèt plis pase sa yo ye tout bon. (3) dekri byen kote Vag lavi (*ibid.*) site defo *limena* yo

- (3) Y ap benyen nan koridò
 Y ap di yo gen djakouzi
 Y ap fè van ak bout katon
 Y ap di yo gen klimatizè
 Y ap bwè dlo nan krich
 Y ap di yo gen frijidè

Nan (3), atis la mete a ni defo *limena* yo. Yo tèlman bezwen parèt bèl yo blije kreye yon mwayen pou yo vann tèt yo. Yo genlè adopte konpòtman sa pou yo ka atire gason sou yo paske jenn gason yo pa twò kwè nan fanm ki pa pran swen kò yo. Men se pa jenn gason ki konsa menm lepè kwè nan sa (konsènan sans mo 'lepè' a, Cf. *Infra*). Atis J-Vens 007 (*Men madan papa*, 2016) dekri sa byen jan nou ka obsève sa nan (4) konsènan *madan papa*.

- (4) Blòdè a plase a manzè
 Men manzè kite l l al pran lepè
 Men madan papa
 Sa se madan papa, gade madan papa
 Fanm ki madan papa se fanm k ap vire a lepè
 Fanm ki madan papa se fanm ka tcheke a lepè

An KA espresyon 'madan papa' deziye fanm ki ap kouche ak moun ki pi gran pase yo pou yo jwenn lajan pou reponn ak bezwen yo. (4) montre sityasyon jenn fanm ki pa gen mwayen pou yo siviv konplike anpil, yo oblije antre nan relasyon ak lepè. Leksèm 'lepè' a an KA fè referans ak granmoun gason men, nou ap note sa nan kontèks Rabòday la, ki gen mwayen ekonomik. Sa ta vle di yon moun ka gen laj men li pa lepè puisque *li pa ka vire oswa tcheke ak jenn fanm*. Nan (4), vyolans senbolik la manifeste paske domine yo, jenn fanm sa yo, twouve yo nan yon sityasyon

⁹ N ap presize fanm ki konsène nan travay la se sila yo atis yo denigre nan mizik sèlman, donk ki twouve yo nan yon sityasyon sosyoekonomik difisil. Pou evite konfizyon ak lòt kalte fanm nan sosyete a, nou itilize espresyon *fanm sa yo*.

ekonomik kote yo oblije asepte vann kò yo ak lepè pou yo ka siviv. Anplis lepè a p ap aji san konsantman jenn fanm yo paske yo pa gen lòt chwa. Alòs, atravè leksèm *madan papa, lepè* nan (4) atis la fè resòti nivo prekarite jenn fanm yo twouve yo. Nan sans sa, li gen yon pòte aksyolojik negatif puisque se pa yon bon pratik nan je sosyete a. Si Marinad 007 montre jan fanm yo ye, J-Vens bò kote pa li montre kòman pou moun ki ap vire ak medam yo dwe ye, J-Vens (*Timamoun*, 2014) nan (5) :

(5) Mwen gen yon ti fanm
 Ke m renmen anpil
 Li di mwen konsa
 Rive chez paran
 Satiyèt li ak lajan
 Chachè thank you
 Fè ti market
 Pote glas chak jou

An KA ‘Timamoun’ deziye fanm ki nan relasyon amoure pou lajan. Nan (5), atis la montre timamoun yo kwè anpil nan lajan. Pou yo asepte vire ak yon nèg fòk li gen lajan paske fòk li ka fè li plezi, lè li ap vin kay fanm nan. Anplis, ta sanble atis la vle montre tou se pa sèlman fanm nan ki atann li pou gason gen lajan men paran tou. Sa ta vle di gen paran ki asepte pitit yo devni *timamoun* puisque yo menm y ap benefisye tou. Nou ka di gen vyolans senbolik nan ekstrè sa puisque non sèlman fanm nan dakò dominasyon dominan paske li ka ede li nan nivo ekonomik men tou menm paran rive asepte sa. Donk sityasyon sa nòmal pou yo. Men J-vens (*ibid.*) ale pi lwen toujou nan dekri *timamoun* jan sa ye nan (6).

(6) Yo fè lanmou biznis
 Yo toujou souri
 [...]
 Mennaj tounen paran
 Y ale kay gangan
 Yo met zonbi nan dan
 Yo met zonbi nan zye
 Yo mete l nan tete
 Pou yo fouye jennjan
 Pou yo fouye lepè
 Pou yo fouye blodè
 Pou yo rale lajan

Nan (6), atis la mete akèlè yon ansanm pratik jenn fanm yo lage kò yo. Yo pran plezi yo ale kay gangan (bòkò) pou yo ka jwenn mwayen pou yo jwenn lajan nan men *jennjan, lepè, blodè*. Atis la note tou pou fanm sa yo ka rive reyisi demach yo a, yo pa mare min yo, *yo toujou sou souri*. Ta sanble toujou souri a se yon teknik yo itilize pou yo rive sedui gason. Alòs, nou ka wè nan (6)

li toujou kesyon sityasyon difisil fanm yo ki fè yo lage nan tout demach yo pou yo ka siviv. Nou te montre nan (4) ak (5) pou jenn fanm sa yo vire/tcheke ak yon gason fòk gason an gen mwayen ekonmik pou sa. Men se pa pou sèlman lajan fanm sa yo vire selon sa J-Vens (*ibid.*) ta lèse nou konprann nan (7).

- (7) Yo pa nan pèdi tan
 Pou yo pase lekòl
 Y ap mache vann kò yo
 Yo fini tou sòt
 Yo vann a pwofesè
 Yo vann a siveyan
 Yo vann a direktè
 Yo vann a jeran

Atis la montre nou bagay yo chanje nan (7). Se pa inikman pou lajan fanm sa yo vann kò yo men pou yo ka pase lekòl tou. Sa ta vle di fanm sa yo *pa nan pèdi tan* pou kraze bèt yo pou yo ka reyisi. Sèlman yon tchèk ak yon pwofesè, yon siveyan, yon direktè. Nan sosyete ayisyèn nan kategori moun sa yo gen yon sèten valè gras ak estati sosyal yo. Sa ki ta vle montre fanm sa yo toujou rete nan yon estad domine. Men yo vann kò yo tou ak jeran. Yo pa toujou byen wè jeran nan estratifikasyon sosyal la. Avèk sa atis la montre kòman fanm sa yo tou pre pou yo lage bay nenpòt kategori moun nan sosyete a sèlman yo dwe jwenn yon bagay an retou ; nan sans sa nou pa ka pale de echanj ekonomiko-seksyèl piske se pa pou lajan echanj lan fèt. Toujou gen vyolans senbolik nan (7) paske fanm sa yo twouve yo nan yon sityasyon difisil parapò ak yon lòt kategori moun nan yon menm espas opwenke pou yo rive pase yo oblije vann kò yo. Anplis, sa pa deranje yo nan anyen piske zafè redouble a pa gen sa pyès. Men gen bagay ki pi banal toujou fanm sa yo asepte vann kò yo si nou ta kwè Mossanto (*Fè wana mache*, 2016) nan (8).

- (8) Fè wana mache
 Fè wana vole
 Fè wana voltije
 Depi manzèl fin bwè towò w fè l mache
 Manmzèl fin bwè ragaman ou fè l mache
 Li fin manje pen amanba w fè l mache
 Manmzèl fin bwè ji alaska w fè l mache

An KA espresyon ‘fè wana mache’ vle di ‘fè l kouche avè w’... ‘Wana’ se tout fanm ki dakò kouche ak gason pou defann tikòb yo oswa yon lòt bagay. Nan (8), Mossanto di byen klè sa ki ka fè yo mache. Li pale de *towò*, *ragaman*, *pen amanba*, *ji alaska*. De (2) premye yo se bwason gaze(z), se pa bagay ki vann chè pase sa. De (2) dènye yo se bagay ki vann pi ba pri toujou. Nan sans sa, atis la tèlman wè sityasyon sosyekonomik fanm sa yo frajil, menm pou ti bagay sa yo si yon gason ta achte bay yo, gason an dwe kouche yo pou sa : *fè wana voltije*, *fè wana vole*. Vyolans senbolik la manifeste nan (8) paske kategori fanm sa yo twouve yo nan sityasyon

tèlman difisil yo oblije resevwa nenpòt ti bagay nan men gason epi gason sa yo ap tann yon bagay an retou ki pa lòt bagay pase kouche avèk yo. Donk gason yo toujou rete nan estad privilejye parapò ak yo.

Kòm sosyete a pa byen wè jan de pratik sa yo, leksèm *wana* gen yon pòte aksyolojik negatif. Sityasyon difisil yo pa rete san konsekans, yo fè moun yo chanje kèk konpòtman. Gwoup Suspens (*Solo l ye*, 2014) dekri kèk nan konpòtman sa yo, fwa sa se pa sèlman fanm yo. An nou obsève (9).

- (9) Le pèp kanp an solo
 Pastè pa bay benediksyon ankò
 Le pèp kanp an solo
 Agrena pa bay blodè kase ankò
 [...]

 On ti lajan tonbe blòdè gentan pa wè blòdè
 On ti viza tonbe zanmi gentan pa wè zanmi

Nan (9), atis la dekri konsekans mizè gen sou kategori moun yo. Bagay yo vin tèlman difisil tout moun blije kanpe an solo. Espresyon “kanpe an solo” a an KA vle di panse ak tèt ou sèlman, moun pa ede moun ankò. Sa vin devlope yon santiman egoyis lakay moun yo. Menm jenn fanm yo vin devlope konpòtman sa tou dapre sa atis la souleve : *Agrena pa bay blodè kase ankò*. Nan sans sa, fanm sa yo vin yon ti jan pridan puisque yo pa lage kò yo menm jan. Men si yo pa rive fè sa menm jan se pa paske sityasyon sosyoekonomik yo chanje pou sa. Se pito paske *le pèp kanp an solo*. Vyolans senbolik la toujou fè parèt tèt li paske akote de santiman egoyis la, atis la vle montre *agrena*¹⁰ dwe kouche ak gason ; nan sans sa, dapre atis la, li dwe yon bagay nòmal. Si se vre, ben se menm gason yo ki kreye nòm sa men fanm sa yo enteryorize yo, se sa ki fè se yon vyolans senbolik. Sepandan, atis yo konnen byen kategori moun yo sible nan sosyete a. Nan (10a), Vag lavi (op. cit.) montre sa epi nan (10b) J-Vens (op. cit.) fini mizik li ak pawòl sa yo

- (10) a. Mizik sa pa pou fanm ki pase sou ban lekòl.
 b. Respè pou tout fanm ki kwè nan lekòl.

Nan (10a) ak (10b), atis yo montre a klè sa y ap di yo pa konsènen tout kategori fanm nan sosyete a. Si sila yo ki jwi kèk privilejè gras ak mwayen ekonomik yo rive gen respè nan zye gason, se pa menm jan alòs pou sila yo ki pa menm ka jwenn kichòy pou mete nan bouch yo. Fanm sa yo blije lage nan vann kò yo pou yo ka siviv, konsa kategori dominan pwofite de feblès sa yo pou fè vyolans sou yo, se vyolans senbolik.

Analiz nou sot fè la yo ki tire nan kèk tèks mizik Rabòday pèmèt nou rive konprann mizik Rabòday ann Ayiti di anpil koze. Diskou ki plis domine nan mizik sa yo konsène fanm. Si yo pale anpil de fanm, se pa pou fè lonè yo, okontrè yo denigre yo nan tout sans pandan y ap

¹⁰ Se yon fason gason deziye fanm an KA men li gen yon sans pejoratif.

pwofite de sityasyon sosyoekonomik yo, yon sityasyon ki trè difisil, pou fè vyolans sou yo. Vyolans lan rive fèt gras ak konsantman yo antanke domine, sa ki fè li senbolik.

Konklizyon

Nan travay sa nou te gen objektif etidye vyolans senbolik sou fanm nan mizik Rabòday ann Ayiti. Pou nou te rive atenn objektif sa, nou te pati de konsèp “vyolans senbolik” la lakay Bourdieu. Nou te konsidere tou refleksyon Kerbrat-Orecchioni pou gade kisa leksèm yo esprime, nan nivo sosyo-lengwistik, nan mizik Rabòday nou te seleksyone kòm kòpis. Analiz kòpis nou te seleksyone a pèmèt nou abouti ak diferan rezilta sa yo :

- mizik Rabòday pèmèt nou sezi sityasyon fanm yo ap viv nan sosyete a ; yon sosyete kote inegalite sosyal ap renye, sitou inegalite nan nivo sèks (*genre*) ;
- anpil vyolans ki fèt nan mizik Rabòday se vyolans senbolik : sityasyon sosyoekonomik domine yo, ki se fanm yo, koz dominan yo, ki se gason, denigre yo tout jan ;
- fanm sa yo asepte jan atis yo trete yo nan yon sèten sans : yo lejitime pwòp pratik denigrasyon yo ;
- vyolans senbolik manifeste nan mizik Rabòday atravè yon ansanm leksèm : agrena, limena, madan papa, timamoun, elt. Leksèm sa yo gen yon pòte aksyolojik negatif : pejoratif, seksis, estereyotipe kont fanm an KA.

Nou pa rive souleve tout bagay nan Rabòday sou fanm konsènan vyolans senbolik la, sa ki fè travay la pa egzostif. Paregzanp, nou pa rive manyen dimansyon dyalojik vyolans lan : vyolans fanm yo fè anretou sou gason nan mizik Rabòday. Refleksyon Mikhaïl Baktine (1977) ta ka pèmèt nou konprann dimansyon dyalojik la. Malgre vid sa yo, nou espere travay sa sèvi yon pis pou lòt travay sou vyolans senbolik nan mizik ann Ayiti, nan Rabòday an patikilye.

BIBLIYOGRAFI

Acacia, Aly (2017), « Faut-il combattre ou encadrer le rabòday ? », *Le Nouvelliste*, 22/09/2017, disponib sou : <https://lenouvelliste.com/article/176810/faut-il-combattre-ou-encadrer-le-raboday>

Addi, Lahouari (2001), « Violence symbolique et statut du politique dans l'oeuvre de Pierre Bourdieu », *Revue française de science politique*, vol 51, pp. 949-963.

Bakhtine, Mikhaïl (1977), « Le discours d'autrui », *Marxisme et philosophie du langage*, Trad. du russ par M. Yaguello, Pari : Édition de Minuit

Bourdieu, Pierre (1970), *La Reproduction*, Pari : Édition de Minuit

Bourdieu, Pierre (1980), *Le sens pratique*, pari : Édition de Minuit

Bourdieu, Pierre (1986), *Ce que parler veut dire. L'économie des échanges linguistiques*, Pari : Fayard

Bourdieu, Pierre (1998), *La domination masculine*, Pari : Ed. Du Seuil

Cadet, Ruth (2018), « Une femme sur quatre est victime d'actes de violence, selon l'ONU », 26/11/2018, disponib sou <https://lenouvelliste.com/article/195273/une-femme-sur-quatre-est-victime-dactes-de-violence-en-haiti-selon-lonu>

CBC Arts (2015), « Fresh la: Haiti's political pop star on voicing the sound of generation », 24/11/2015, disponib sou <https://www.cbc.ca/arts/interruptthisprogram/freshla-king-of-raboday-1.3321333>

Dorcé, Francklyn (2022), Étude philosophique et sémantique des noms propres en créole haïtien, *Memwa lisans*, Fakilte Lengwistik Aplike/Inivèsite Leta Ayiti.

Dorzil, Franklyne (2018), Représentation de la femme dans la musique « Rabòday » : facteurs socioculturels de production et enjeux de réception, *Memwa lisans*, Inivèsite Leta Ayiti.

Dubois, Jacques et al. (2013), Aspects du symbolique dans la sociologie de Pierre Bourdieu, *Contextes*, mete anliy 6 Out 2013 URL: <https://journals.openedition.org/contextes/5661>

Ducrepin, Sindy (2020), « Le succès du Raboday, ou comment mettre de la technologie dans l'esprit festif du rara », *Le Nouvelliste*, 20/05/2020, disponib sou <https://lenouvelliste.com/article/216715/le-succes-actuel-du-raboday-ou-comment-mettre-de-la-technologie-dans-lespri-festif-du-rara/amp#aoh=16413500280395&csi=1&ewferrer>

Édouard, Roberson (2013), *Violences et ordre social en Haïti. Essai sur le vivre-ensemble dans une société postcoloniale*, Monreal : Presses de l'Université du Québec

Gilbert, Myrtha (2001), *Luttés des femmes et luttés sociales en Haïti: problématique et perspectives*, Pòtoprens : Ed. Areytos

Jean Louis, Katia (2020), Genre et musique populaire en Haïti : vers une compréhension sociologique de la réception du rabòday par des femmes, Memwa metriz, Université Laval, Montréal

Kerbrat-Orecchioni, Catherine (1980), *L'énonciation. De la subjectivité dans le langage*, Paris : Armand Colin

Lamy, Obed (2018), « D'où vient la musique Rabòday ? », Loop news, 26/01/2018, disponible sous <https://haiti.loopnews.com/content/dou-vient-la-musique-raboday-o>

Lynch, Revital (2021), « Qui a le crédit de la paternité du "Raboday" ? », Nètalkole, 10/12/2021, disponible sous <https://netalkolemedia.com/qui-a-le-credit-de-le-paternite-du-raboday/>

Palheta, Ugo (2015), « Violence symbolique et résistances populaires: Retour sur les fondements théoriques d'une recherche », Education et socialisation, vol 37 doi: 10.4000/edso.1117

Ravet, Hyacinthe (2010), « Sociologies de la musique », L'Année sociologique, vol. 60, no 2, pp. 271 –303.

Rock, Jean Baptiste Kenol (2019), La violence masculine à l'égard des femmes dans les Églises en Haïti : Analyse praxéologique des récits de vie des personnes immigrantes haïtiennes qui vivent à Montréal, Tèz doktora, Université de Montréal

Tabet, Paola (2004), *La grande arnaque : sexualité des femmes et échange économique-sexuel*, Paris : Harmattan

Toumptine, Katheline (2006), *Qu'est-ce que la violence ?*, Wallonie-Bruxelles : Pax Christi

Wiley, Shelley (2003), « A Grassroots Religious Response to Domestic Violence in Haïti », Journal of Religion & Abuse, 5(1), pp. 23-33.